

Kesyonè evalyasyon sante

TOUT anplwaye DOE, vizitè, ak fanmi dwe ranpli fòm evalyasyon sante a avan yo rantre nan lokal DOE. Yo dwe fè evalyasyon sante sa a chak jou yo rive nan lokal la. Ou ka ranpli evalyasyon sante a tou sou entènèt nan:

<https://healthscreening.schools.nyc/>. Lè w ap antre nan lokal la, si w potko ranpli fòm sante a sou entènèt, y ap mande w pou reponn kesyon sa yo.

1. Eske ou te fè eksperyans nenpòt sentòm COVID-19, tankou lafyèv ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, fèk gen yon tous, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout ki kòmanse nan 10 jou ki sot pase yo?
 - Non. Ale nan kesyon apre a.
 - Wi, epi mwen resevwa rezilta tès dyagnostik COVID-19 (pa tès san) laboratwa konfime ki negatif apre m te kòmanse gen sentòm yo EPI mwen pa gen sentòm depi 24 èdtan. Ale nan kesyon apre a.
 - Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
2. Nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te gen yon rezilta laboratwa konfime ki pozitif pou tès dyagnostik COVID-19 (pa yon tès san) ki te premye rezilta pozitif ou OSWA ki se rezilta APRE 90 jou dat dyagnostik avan an?¹ Tanpri sonje 10 jou kòmanse konte apati jou yo te teste w la, pa jou ou te gen premye rezilta a.
 - Non. Ale nan kesyon apre a.
 - Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
3. Èske yo konsidere w konplètman vaksinen kont COVID-19 dapre regleman CDC OSWA èske yo te dyagnostik resamman (nan twa mwa pase yo) gen COVID-19 epi ou fini izòlman an nan 90 jou pase yo?² Tanpri sonje pou yo konsidere w konplètman vaksinen dapre regleman CDC, de semèn dwe pase depi w te resevwa dezyèm dòz la nan yon seri de dòz oswa de semèn dwe pase depi w te pran yon vaksen nan seri ki mande yon sèl dòz.
 - Non, yo pa konsidere m konplètman vaksinen oswa yo pat dyagnostike avèk COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo. Ale nan kesyon apre a.
 - Wi, yo konsidere m konplètman vaksinen oswa yo te dyagnostike m avèk COVID-19 epi mwen fini peryòd izòlman nan dènye 90 jou ki sot pase yo. Anplwaye/envite a ka sote kesyon 4 la epi ka antre nan bilding lan.
4. Dapre tout sa ou konnen, nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te an kontak pwòch (nan espas 6 pye pou omwen 10 minit nan yon peryòd 24 èdtan) avèk nenpòt moun yo dyagnostike pou COVID-19 kounye a oswa ke yo di li gen sentòm COVID-19? Yo pa konsidere anplwaye klinik ki mete ekipman PPE apwopriye kòm kontak pwòch nan senaryo sa yo.
 - Non. Anplwaye/vizitè a ka antre nan bilding lan.
 - Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

Evalyasyon sante sa a pa fèt pou ranplase konsèy medikal, dyagnostik oswa tretman pwofesyonèl. Toujou chèche konsèy yon founisè sante ki kalifye pou nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan yon kondisyon medikal. Y ap gade rezilta tès sante yo sèlman nan objektif pou jwenn aksè nan lokal ak ekipman yo epi yo pral kenbe tout enfòmasyon konfidansyèl.

Depatman Edikasyon NYC ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

04.28.21

¹ Dekont 90 jou a ta dwe kòmanse apati dat aparisyon sentòm oswa, si w pa gen okenn sentòm, 90 jou yo ta dwe kòmanse apati dat tès pozitif ou a.

² Dekont 90 jou a ta dwe kòmanse apati dat aparisyon sentòm oswa, si w pa gen okenn sentòm, 90 jou yo ta dwe kòmanse apati dat tès ou a.